



KÈK TI ENFÒMASYON SOU

Asirans Swen pou Dan pou Timoun (Asirans Dantè Pedyatrik)

Ou merite yon swen sante ki abòdab.

NY State of Health se Mache Ofisyèl Plan Asirans Sante Vil New York la.

Enskri jodi a.



Sou Entènèt nan lyen nystateofhealth.ny.gov



Nan telefòn nan nimewo
1-855-355-5777
TTY
1-800-662-1220



Vizite yon Fasilitatè k ap ede w Fas-a-fas nan info.nystateofhealth.ny.gov/findassistor

NY State of Health konfòme li ak Lwa Federal konsènan dwa sivik ak Lwa Eta ki anplas epi li pa fè diskriminasyon vi baze sou ras, koulè, orijin nasyonal, kwayans/relijyon, laj, sèks, eta sivil/sityasyon famiyal, kazye jidisyèl, kondanasyon penal, idantite seksyèl, oryantasyon seksyèl, karakteristik predispozisyon jenetik, sityasyon militè, viktim vyolans nan kay epi/oswa vanjans.

Souri pitit ou an se solèy ki klere lajounen ou. Lè w pran swen dan li kounye a, sa kapab mennen nan yon demen miyò.

Men, gen bagay pou w konsidere anvan w enskri nan yon plan swen pou dan pedyatrik.

1

Kijan pou m benefisye avantaj dantè pedyatrik yo?

- Tout moun gen aksè nan avantaj dantè pedyatrik yo, kit se atravè yon Plan Sante Kalifye (Qualified Health Plan, QHP), kit se apati yon plan dantè pedyatrik endepandan.¹
- Si alafwa granmoun ak timoun nan fanmi an bezwen pwoteksyon, ou gen opsyon pou yon plan swen pou dan pou fanmi, kit se nan kad yon QHP, kit se yon plan swen pou dan pou fanmi ki endepandan.²

2

Konbyen kòb asirans dantè pedyatrik koute?

- Anplis prim chak mwa a, plan pou dan pedyatrik yo ka gen yon dediktib chak ane, ki se sa ou dwe peye anvan plan w lan garanti sèvis ki pa avantaj pou prevansyon. Dediktib la varye selon plan an.
- Yon plan swen pou dan pedyatrik ka genyen kopeman oswa ko-asirans tou pou sèvis ki garanti yo.
- Tout plan swen pou dan pedyatrik yo gen yon maksimòm limit frè k ap soti nan pòch ki se \$350 pou chak timoun epi \$700 pou chak fanmi. Se maksimòm ou pral peye pandan nenpòt ane pwoteksyon.

¹ Plan swen pou dan pedyatrik yo varye selon Konte a.

² Pou w jwenn plis enfòmasyon sou avantaj swen pou da pou fanmi, gade *NY State of Health Fèy Enfòmasyon sou Asirans Dantè pou Fanmi*.

Pwoteksyon Dantè

3 Ki sèvis yon pwoteksyon plan swen pou dan pedyatrik garanti?

- Avantaj pedyatrik yo genyen kat (4) gwo kategori: prevantif/debaz, woutin, majè ak òtodonsi ki nesèsè sou plan medikal.
- Plan swen pou dan pedyatrik yo garanti swen pou dan annijans lan tou.

Kategori Sèvis	Egzanp Sèvis
Prevantif/Debaz	Tchèkòp, netwayaj, fliyòrid ak pansman dan
Woutin	Egzamen, radyografi, plonbaj senp ak rache dan
Gwo Travay Swen	Operasyon nan bouch, kouwòn, fo dan, dan vise, ak tretman kanal (kanal dantè)
Òtodonsi	Sipò ki pou ede ranfòse dan yo

- Frè ki soti nan pòch ki asosye ak sèvis pou dan sa yo ka varye anpil selon plan an.
- Pa gen okenn limit avantaj sou sèvis pou dan pou timoun oswa peryòd datant pou avantaj pedyatrik yo.

4 Kijan m kapab jwenn plan swen pou dan pedyatrik ki bon pou pitit mwen an?

- Zouti Konparezon Plan Swen pou Dan NYSOH a pèmèt ou konpare frè ak avantaj plan swen pou dan pedyatrik diferan yo.³ Ou kapab jwenn li sou sitwèb Mache a nan: <https://info.nystateofhealth.ny.gov/resource/dental-plan-comparison-tool>
- Sitwèb Mache a genyen tou yon Zouti Rechèch Pwofesyonèl Swen Sante ak Plan Sante Eta New York, ki pral montre w yon lis pwofesyonèl k ap bay swen pou dan ki patisipe nan chak plan. Ou kapab jwenn li nan: <https://pndslookup.health.ny.gov/>

³ Lè w ap fè rechèch sou plan swen pou dan yo, asire w gade enfòmasyon sou avantaj pedyatrik yo, se pa plan swen pou dan pou fanmi ki gen ladan yo enfòmasyon sou avantaj pou granmoun.

Si usted habla un idioma diferente al inglés, los servicios de asistencia de idioma están disponibles gratis para usted. Llame al 1-855-355-5777 (TTY: 1-800-662-1220).

如果您使用的語言不是英語，您可以使用我們的免費語言支援服務。請致電 1-855-355-5777 (TTY: 1-800-662-1220)